

# RESANSMAN 2020

## Long Island Konte Rapò Resansman 2020

Biwo Kontwolè Nassau a  
Konsèy Sante ak Byennèt Long Island

23 jiyè 2019

# Long Island Konte Rapò Resansman 2020

## TAB MATYÈ

- 01 Entwodiksyon
- 02 Apèsi sou Resansman
- 03 Enpak sou Long Island
- 04 Kalandriye ak Dat Kle yo
- 05 Kijan yo Konte Moun Long Island yo?
- 06 Ki moun ki pou Konte?
- 07 Ki moun ki Difisil Pou Konte?
- 08 Pwoteksyon Done
- 09 Kijan M Kapab Ede?
- 10 Konklizyon

# RESANSMAN 2020



#LONGISLANDCOUNTS

# ENTWODIKSYON

Kisa Resansman an ye? Poukisa li enpòtan?

Done yo kolekte atravè Resansman an fè pi gwo enpak toujou pase sa anpil moun reyalize. Li afekte tout bagay soti nan finansman lekòl rive nan asirans sante, soti nan resous pou repare wout rive kote biznis yo ye; pi enpòtan ankò, li afekte reprezantasyon nou nan Albany ak Washington D.C.

Komite Kontaj Konplè Konte Nassau ak Suffolk yo te lanse nan kòmansman lane 2019 la pou asire yo konte rejyon nou an nèt epi kòm sadwa nan lane 2020 epi chase mit ak manti y ap bay sou Resansman an yon fason pou tout moun nan rejyon nou an patisipe ak tout volonte yo. Kesyon yo toujou ap pèsiste epi yo poze yo nan konvèsasyon yo chak jou. Anpil moun jis pa konnen ki jan li enpòtan pou yo ranpli kesyonè Resansman an.

Se senp verite ki di chak grenn moun nan nou konte a ki motive kanpay pou yon Kontaj Konplè a. Nou jwenn yon chans chak 10 lane pou n asire nou Long Island resevwa pati ekitab pa li a nan finansman, resous, ak reprezantasyon pandan dis lane k ap vini yo - miz yo pa t kapab pi wo. Resansman 2020 an se yon gwo opòtinite pou nou mete tèt nou ansanm antanke yon rejyon pou n asire demen Long Island. Si nou pa konte fanmi nou yo, nou rann yo envizib pandan dis (10) lane k ap vini yo epi nou kapab konte sou salklas ki gen twòp elèv, gran wout ki bloke ak neglije, lopital ki pa finanse ase, ak devan magazen ki vid sou Gran Ri nou yo jiskaske yo fè lòt Resansman an.

Li ka parèt tankou yon ti bagay – pou nou annik reponn kèk kesyon debaz sou moun nan kay nou – men lè n ranpli fòm Resansman an, se yon kokennchen mwayen pou nou di Long Island se pa nou. Nou espere rapò sa a pral ede rezoud pwoblèm yo ak reponn kesyon yo yon fason pou tout rezidan Long Island yo kapab prepare yo pou yo ranpli fòm resansman 2020 an. Se sèl opòtinite nou pral genyen pandan 10 lane yo pou n jwenn finansman ak reprezantasyon Long Island merite a!

Ak tout kè mwen,

**Jack Schnirman**

Kontwolè Konte Nassau



**Rebecca Sanin**

Prezidan ak Direktè Jeneral  
Konsèy Sante ak Byennèt Long  
Island



## Apèsi sou Resansman

### Kisa Biwo Resansman an ye?

Biwo Resansman Etazini an se yon ajans ki anndan Depatman Komès la. Misyon li se jwe wòl pi gwo founisè bonjan done nan peyi a sou pèp li ak ekonomi li. Biwo a se pi gwo ajans estatistik gouvènman federal la ki fè rechèch ki mennen plizyè milya dola vin investi nan kominote lokal yo.

Biwo Resansman an genyen plis pase 130 ankèt ak pwogram. Konstitisyon Ameriken an egzije yon resansman chak 10 lane pou konte chak moun k ap viv nan peyi a, kèlkeswa sityasyon sitwayènte li. Rapò sa a pral bay yon apèsi ki enpòtan sou operasyon Resansman 2020 yo ak fason yo pral jere li nan Long Island.

### Poukisa pou w patisipe nan resansman an?

Lè w ranpli fòm Resansman 2020 an, ou pral ede:

- ✓ Asire Long Island jwenn pati ekitab pa li a ki se plis pase \$675 milya sou fòm finansman federal chak ane nan kominote lokal yo.
- ✓ Detèmine fason yo trase distri lejislatif yo, tankou reprezantasyon Long Island nan Washington D.C. ak Albany.
- ✓ Enfliyanse devlopman ekonomik lan nan ede biznis yo analize mache a pou gide desizyon investisman sektè prive a.

### Kijan pou Mwen Ranpli yon Fòm Resansman?

Resansman 2020 an pral poze kesyon ki gen objektif pran enfòmasyon sou chak moun k ap viv nan peyi Etazini, kèlkeswa sityasyon sitwayènte li. Anvan 1ye avril 2020, chak fanmi nan Long Island dwe resevwa yon lèt ki envite yo ranpli fòm ankèt la. Anplis reponn nan lapòs, pou premye fwa, moun yo pral kapab reponn sou Entènèt oswa nan telefòn. Yon Reprezantan Resansman an pral sonde opinyon fanmi ki pa reponn premye envitasyon an pou yo patisipe pandan ete 2020 an. Jefò k ap fèt pou konte moun yo pral fini nan mwa out 2020 epi dènye kontaj popilasyon Long Island lan ap bout 31 desanm 2020.

### Èske W Te Konnen?

Resansman fèt sèlman yon fwa chak 10 lane epi li fikse nivo finansman federal yo pandan tout yon deseni! Done resansman yo di ki valè Reprezantan Eta nou an genyen nan Kongrè a. Done resansman yo enfliyanse finansman pou lekòl nou yo ak kantite elèv ki nan salklas nou yo.

Sous yo:

Biwo Resansman Etazini. "Yon Koutje sou Biwo Resansman Etazini." Yon Koutje sou Biwo Resansman Etazini, 6 out 2018, [www.census.gov/about](http://www.census.gov/about) US Census Bureau. "Fèy Enfòmasyon Poukisa Nou Poze Kesyon." Yon Koutje sou Biwo Resansman Etazini, [www.census.gov/about](http://www.census.gov/about) Wang, Hansi Lo. "Sa W Dwe Konnen Sou Resansman 2020 an." NPR, NPR, 1 avr 2019, [www.npr.org](http://www.npr.org)

## Enpak sou Long Island

Resansman 2020 an pral detèmine kote dola taks federal yo distribiye ak fason distri lejislatif yo trase pandan 10 lane k ap vini yo. Yon kontaj an mwens popilasyon Long Island lan kapab lakoz yon rediksyon nan finansman lekòl yo, enfrastrikti, sèvis swen sante, ak devlopman ekonomik. Anplis, avèk sèlman 0.6% kontaj an mwens, New York gen ris pou l pèdi de (2) reprezantan nan Kongrè a, sa ki mete pati ekitab reprezantasyon nou an ak vwa nou yo an danje.



# \$675 milya

SOU FÒM FINANSMAN FEDERAL CHAK ANE

### Pi Gwo Pwogram Federal Done Resansman yo Finanse

- Pwogram Asistans Medikal (Medicaid)
- Medicare Part B
- Seksyon 8, Bon pou Chwa Lojman
- Amenajman ak Konstriksyon Gran Wout
- Seksyon 8 Lojman
- Sibvansyon pou Edikasyon Espesyal
- Pwogram Asirans Sante pou Timoun
- Pwogram Kantin nan Lekòl
- Head Start/Early Head Start
- Pwogram Nitrisyon Sipleman pou Fanm, Tibebe ak Timoun
- Fanmi Akèy
- Asistans pou Enèji nan Kay (LIHEAP)
- Finansman pou Gadri ak Devlopman

### Etid Ka: Wyandanch

Nan Resansman 2010 lan, yo te konte timoun ki gen 0-5 lane yo an mwens anpil nan Wyandanch. Done yo te kolekte yo te montre sèlman 4% nan popilasyon an te gen ant 0-5 lane, sa ki pa t yon kontaj egzak. Ofiramezi timoun yo t ap grandi, yo te antre nan lekòl ki pa t prepare pou kantite elèv ki t ap viv nan kominote a.

Kidonk, distri lekòl Wyandanch la te oblije lwe espas nan Half Hollow Hills ki sou kote a pou resevwa elèv yo, pou plizyè santèn milye dola. Yo ta kapab depanse dola sa yo nan pwogram ak resous pou elèv yo si done Resansman yo te pi byen reprezante popilasyon an epi pèmèt distri lekòl la prepare jan li te dwe prepare li.

Sous yo:

"Arizona Gen Syèj Rhode Island avèk Nouvo Estimasyon Resansman 2018 yo; Men Ka Gen Pi Gwo Chanjman anvan lane 2020." Sèvis Done Eleksyon yo, 19 des. 2018. "Konte pou Dola 2020 yo: Wòl Resansman Chak Dis Lane a nan Distribisyon Jewografik Fon Federal yo." Enstiti Politik Piblik George Washington University 19 fev. 2019.



Paj 3

## Kalandriye ak Dat Kle yo

KONTE PLIS PASE TWA MILYON REZIDAN LONG ISLAND SE YON KOKENNCHEN JEFÒ. MEN YON APÈSI SOU PWOSESIS RESANSMAN 2020 AN:

### Janvyè- Mas 2019

Biwo Resansman Etazini an te louvri plizyè biwo resansman nan rejyon yo. Biwo sa yo te bay sipò pou patisipasyon kominote a ak jesyon patenarya. Nan Long Island, yo sitiye nan Garden City ak Melville.

### Out 2019

Biwo Resansman an fè sondaj opinyon selon adrès nan ale nan zòn ki sible yo pou asire li lis adrès la ajou.

### Mas 2020

Biwo Resansman an kòmanse fè sensibilizasyon bòkote tout fanmi yo nan voye envitasyon nan lapòs pou yo ranpli fòm Resansman an. Fanmi yo genyen twa (3) opsyon repons: sou Entènèt, nan lapòs oswa nan telefòn.

### 1ye avril 2020

Yo obsève Jou Resansman an nan tout peyi a. Lè w ap ranpli fòm Resansman an, ou pral reponn pou w di kote w ap viv epi avèk ki moun w ap viv 1ye avril 2020.

### Me- Out 2020

Demachè resansman yo fè suivi avèk fanmi ki pa t reponn yo.

### Out 2020

Pwosesis reponn ak konte a ap fini.

### Desanm 2020

Gouvènman federal la ap fè denyè kontaj popilasyon Long Island yo an fonksyon repons yo. Li pral gide finansman an pandan dis (10) lane.

## Jou Resansman an: 1ye avril 2020

Anvan 1ye avril 2020, pifò fanmi yo pral gentan resevwa yon envitasyon pou yo patisipe nan Resansman 2020 an. Si w poko resevwa yon anvlòp lapòs anvan 1ye avril, ou kapab toujou ranpli fòm Resansman an sou Entènèt oswa nan telefòn!

## Kijan yo Konte Moun Long Island yo?

Reponn Resansman an fèt rapid, san danje, epi li enpòtan. Long Island wè gwo chanjman demografik depi 2010, e Resansman an se opòtinite nou genyen pou n asire rejyon nou an resevwa pati ekitab pa li a nan finansman ak reprezantasyon.

Pou n jwenn yon bon kontaj popilasyon Long Island lan, Biwo a dwe:

- ✓ Gen yon lis egzak tout fanmi Long Island yo.
- ✓ Motive rezidan Long Island yo pou yo ranpli fòm resansman an sou Entènèt, nan telefòn oswa nan lapòs nan mwa mas ak avril 2020.
- ✓ Angaje fanmi ki poko reponn Resansman an avèk sondaj an pèsonn adomisil pandan ete 2020 an.

### Metòd Ankèt yo

Anvan 1ye avril 2020, pifò fanmi yo pral resevwa yon envitasyon pou yo patisipe nan Resansman 2020 an. Pou premye fwa, genyen twa (3) fason rezidan Long Island yo kapab ranpli fòm resansman an.

#### Yo kapab soumèt repons yo:

##### Sou Entènèt



##### Nan Telefòn



##### Nan Lapòs



Pandan ete 2020 an, demachè Resansman yo pral vizite fanmi ki poko reponn yo.

### Patisipasyon nan Patenarya

Biwo Resansman an te lanse yon estrateji patenarya ak sansibilizasyon ki fèt pou bay lidè lokal moun ka fè konfyans yo posiblite pou yo kominike enpòtans resansman an. Espesyalis nan zafè Patenarya Biwo Resansman yo nan Long Island òganize plizyè atelye pou yo bay pati ki konsène yo zouti/enfòmasyon. Espesyalis nan zafè Patenarya Biwo Resansman Long Island yo:

**Jennifer Albert**

**516-974-7919**

[Jennifer.L.Albert@2020Census.gov](mailto:Jennifer.L.Albert@2020Census.gov)

**Monique Powell**

**603-738-4153**

[monique.a.powell@2020Census.gov](mailto:monique.a.powell@2020Census.gov)

**Nicole Bailey**

**929-386-8274**

[nicole.d.bailey@2020Census.gov](mailto:nicole.d.bailey@2020Census.gov)

**Steven Collins**

**973-932-3856**

[steven.collins@2020Census.gov](mailto:steven.collins@2020Census.gov)

### Komite Kontaj Konplè

Nan kòmansman ane sa a, responsab Konte Nassau a Luran Curran ak responsab Konte Suffolk la Steve Bellone te lanse Komite Kontaj Konplè Resansman 2020 a (Complete Count Committees, CCC) nan tèt ansanm avèk Konsèy Sante ak Byennèt epi Fondasyon Kominotè Long Island lan. Pwogram CCC yo angaje elektè kle yo pou yo ogmante sansibilizasyon an epi motive rezidan Long Island yo pou yo ranpli fòm Resansman 2020 an. Soukomite yo konsantre yo sou biznis yo, gouvènman lokal yo, grandèt yo, kominikasyon, pwofesyonèl nan zafè timoun piti yo, edikasyon, pwogram sansibilizasyon relijye, moun koulè yo ak imigran yo,

Sous yo: Biwo Resansman Etazini. "Fèy Enfòmasyon sou Patenarya: Òganizasyon Kominotè yo." [www.census.gov/about](http://www.census.gov/about)  
US Census Bureau. "Gid Komite Kontaj Konplè Resansman 2020 an." [www.census.gov/about](http://www.census.gov/about)  
Brotsky, Robert. "Ann Fè yo Konte Chak Rezidan Nassau nan Resansman 2020 an." *Newsday*. 5 fev. 2019

## Ki moun ki pou Konte

Prensipal objektif resansman 2020 an nan Long Island se pou li konte tout moun yon fwa, sèlman yon fwa, epi nan bon kote a. Lè rezidan Long Island yo ap ranfli fòm Resansman an pou fanmi yo, yo dwe konte tout moun k ap viv nan fanmi an apati 1ye avril, 2020.

### Konte Jenn Timoun yo

Paran yo pafwa bliye konte jenn timoun yo genyen yo sou fòm Resansman an. Sa gen yon gwo enpak sou finansman lekòl la ak planifikasyon pandan tout yon deseni. Rezidan Long Island yo dwe konte tout timoun k ap viv nan fanmi yo. Sa gen ladan pitit-pitit yo, nyès yo, neve yo, pitit zanmi yo, elatriye. Si timoun yo pataje tan yo ant fanmi yo, konte yo kote y ap viv la 1ye avril 2020.



**Kontaj Resansman 2020**

**Dis Lane Finansman Lekòl**

### Kesyon Moun Poze Souvan

#### E si m kite kay la Jou Resansman an?

Yo dwe konte chak moun yon fwa sèlman, nan yon kay. Si yon moun al rete nan yon nouvo kay 1ye avril, yo dwe konte li nan kay sa a. Si yon moun kite kay li, men li pa al rete nan yon nouvo kay, yo dwe konte li nan ansyen kay li ye a.

#### Kijan yo konte sitwayen etranje yo nan Etazini?

Yo dwe konte moun k ap viv Long Island yo nan kay kote y ap viv la.

#### Kijan yo konte vizitè yo?

Pi souvan, yo dwe konte vizitè ki pral retounen lakay yo kote y ap viv la.

#### Kijan yo konte tibebe ki fenk fèt yo?

Yo dwe konte nouvone yo kote yo pral dòmi pi souvan an. Yo pa dwe konte tibebe ki fèt apre 1ye avril 2020 yo.

#### Kijan yo konte etidyan yo?

Yo dwe konte etidyan kolèj k ap viv lwen lakay yo nan rezidans yo sou kanmpis la oswa an deyò kanmpis la. Yo pa konte etidyan k ap etidye aletranje yo nan Resansman an. Yo dwe konte etidyan etranje k ap viv Etazini yo nan kanmpis yo a. Yo dwe konte etidyan ki nan pansyon anba nivo kolèj yo kote paran yo ap viv la.

#### Kijan yo konte moun ki nan prizon ak etablisman koreksyonèl yo?

Yo dwe konte moun k ap viv nan etablisman koreksyonèl yo, sant detansyon federal yo, prizon federal/eta, ak prizon lokal yo nan etablisman an.



## Difisil Pou Konte

Estatistik resansman 2020 yo pral detèmine finansman federal ak reprezantasyon politik nan Long Island pandan dis (10) lane k ap vini yo. Men, Konte Suffolk ak Konte Nassau se 4yèm ak 5yèm konte ki pi difisil pou fè kontay nan Eta New York. Selon George Washington University, chak moun yo pa konte nan Resansman an pral koute Long Island anpil pandan deseni k ap vini an. Sa kapab fè rejyon nou an pa jwenn plizyè milyon dola finansman li bezwen an.

### Konte ki Difisil-pou-Fè Kontay nan New York yo

1. Konte Kings (Brooklyn)
2. Konte Queens
3. Konte Bronx
4. Konte Suffolk
5. Konte Nassau

### Kisa ki Difisil-pou-Konte a?

Difisil pou Lokalize: Inite lojman ki pa anrejistre yo  
Difisil pou fè Entèvyou: Baryè Lengwistik oswa pa gen entènèt

Difisil pou Kontakte: Deplase anpil, sanzabri, oswa riral

Difisil pou Konvenk: Pa fè gouvènman an konfyans

Objektif: Konte Tout Moun Yon Fwa, Sèlman Yon Fwa, epi nan Bon Kote a

### Popilasyon ki Difisil pou Konte yo

- Jenn Timoun
- Moun ki Deplase Anpil yo
- Minorite Rasyal ak Etnik
- Moun-ki Pa Pale Anglè yo
- Fanmi ki gen Ti Revni yo
- Moun ki Sanzabri
- Imigran ak Fanmi san Papyè
- Moun ki pa Fè Gouvènman an Konfyans
- Moun LGBTQ+ yo
- Moun ki gen Andikap Mantal/Andikap Fizik

### Konte Nassau

- 23% Pa t Reponn Resansman an Anvan nan lane 2010
- 40% Moun Koulè
- 5% Se Timoun ki Gen Mwenke Senk an
- 15% Ap Viv nan Lamizè oswa Prèske Ap Viv nan Lamizè
- 6% Pale Anglè Limite

### Konte Suffolk

- 24% Pa t Reponn Resansman an Anvan nan lane 2010
- 34% se Moun Koulè
- 5% Se Timoun ki Gen Mwens Pase Senk an
- 18% Ap Viv nan Lamizè oswa Prèske Ap Viv nan Lamizè
- 4% Pale Anglè Limite



### Estrateji pou Rive Jwenn Popilasyon ki Difisil pou Konte yo

Nan kòmansman ane sa a, responsab Konte Nassau a Luran Curran ak responsab Konte Suffolk la Steve Bellone te lanse Komite Kontaj Konplè Resansman 2020 an (Complete Count Committees, CCC) nan tèt ansanm avèk Konsèy Sante ak Byennèt epi Fondasyon Kominotè Long Island lan. Pwogram CCC yo angaje elektè kle yo pou yo ogmante sansibilizasyon an epi motive rezidan Long Island yo pou yo ranpli fòm Resansman 2020 an. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Konsèy Sante ak Byennèt Long Island lan nan 516-505-4427!

## Pwoteksyon Done

Lalwa oblije Biwo Resansman Etazini an pou li pwoteje repons ou yo epi kenbe idantite patisipan yo anonim. Tit 13 nan Kòd Etazini an pwoteje enfòmasyon w yo epi Biwo Resansman an pa kapab pataje okenn enfòmasyon ki kapab idantifye ou. Yo itilize repons ou yo sèlman pou yo fè estatistik epi okenn ajans gouvènman oswa tribinal pa kapab itilize yo kont ou.

### Sekirite nan Teknoloji

Biwo Resansman an te di sekirite se youn nan pi gwo priyorite li yo. Biwo a te itilize plizyè sistèm pou pwoteje piblik la kont sibè atak pandan tout pwosesis resansman an.

### Fason pou Idantifye Fwod

Pou w pwoteje tèt ou, tanpri sonje Biwo Resansman Etazini an p ap janm mande w:

- ✗ Nimewo Sekirite Sosyal ou.
- ✗ Kont Labank ou oswa nimewo kat kredi w.
- ✗ Lajan oswa don.



### Fason pou Verifye Idantite

Si yon reprezantan Resansman an vini lakay ou, ou dwe asire w li genyen yon badj idantifikasyon valid ki gen foto, avèk filigràn Depatman Komès ak yon dat ekspirasyon.

### Fason pou Evite Magouy sou Entènèt

Sibèsekirite w se yon priyorite piske Biwo Resansman an vize kolekte repons yo sou Entènèt an 2020. Enfrastrikti enfòmatic Biwo a fèt pou l konbat menas sou Entènèt yo ak kontwole yo. Ou dwe evite imèl pyèj yo k ap voye w ale sou yon fo sitwèb.

### Denonse Konpòtman Sispèk

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou sispèk fwod, rele nan 855-562-2020 epi peze opsyon 3 pou w pale avèk yon reprezantan Biwo Resansman an. Si yo deside vizite ki te vin frape pòt ou an p ap travay pou Biwo Resansman an, kontakte depatman polis lokal ou an.

Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w evite magouy:

[www.AARP.org/money/scams-fraud/info-2019.census.html](http://www.AARP.org/money/scams-fraud/info-2019.census.html)

## Bay Patisipasyon ou

Siksè Resansman an depann de chak grenn rezidan Long Island epi gen plizyè fason pou w bay patisipasyon ou! Ede kominote w la patisipe nan resansman 2020 an.

### **Vin patisipe nan Komite Kontaj Konplè a!**

Konte Nassau ak Konte Suffolk te lanse Komite Kontaj Konplè yo avèk Konsèy Sante ak Byennèt Long Island (Health and Welfare Council of Long Island, HWCLI) ak Fondasyon Kominotè Long Island lan. Komite yo travay nan tèt ansanm pou yo sansibilize, ak motive kominote nou yo pou yo ranpli fòm Resansman an nan lane 2020. Soukomite yo konsantre yo sou biznis, edikasyon, kominikasyon, timoun piti, kominote relijye yo, imigran yo, gouvènman lokal yo, moun koulè yo, ak grandèt yo. Yo envite tout moun vin bay lide, ak konesans yo! Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte HWCLI nan 516-505-4427!

### **Aplike pou Travay nan Biwo Resansman Etazini an!**

Youn nan pi bon fason pou n fè yon Kontaj Konplè se asire nou anplwaye Resansman k ap mache pòt a pòt yo pandan ete 2020 an se rezidan lokal, ki byen konnen katye nou yo, epi ki byen konnen vwazen ki pral ouvri pòt yo. Travay resansman yo peye ant \$17 a \$23 chak èdtan epi èdtan yo fleksib.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou: <http://census.gov/jobs>

### **Ede n Bay Mesaj la!**

Si w gen yon evènman ou pral fè kote ou ta renmen pataje enfòmasyon sou Resansman an, gen resous ak opsyon ki disponib pou ou! Youn nan fason ki pi efikas pou w kreye elan se pou w kòmanse konvèsasyon an nan rezo pa w yo sou enpak ak ijans Resansman an kounye a. Ou kapab konekte avèk yon avoka lokal lè w rele Konsèy Sante ak Byennèt la nan 516-505-4427. Epitou, Biwo Resansman Etazini an te bay Long Island kat (4) espesyalis nan zafè patenarya ki kapab bay dokiman enprime epi reponn kesyon manm kominote w yo ka genyen. Li pa twò bonè pou w kòmanse pale sou Resansman an epi poukisa li enpòtan pou kominote w la, epi gen plizyè konferansye ak dokiman ki disponib pou ede bay mesaj la!

### **Vin Yon Anbasadè Resansman an Chak Jou!**

Nou tout genyen opòtinite pou n ogmante sansibilizasyon sou Resansman an nan pwòp rezo pa nou yo. Lè w sèlman mansyone Resansman ki pral fèt la ak tout fason li fè enpak sou lavi nou chak jou, ou kapab kòmanse kreye elan epi motive kominote w la pou l patisipe nan Resansman 2020 an.

### **Ranpli Fòm Resansman an nan mwa mas 2020!**

Epi natirèlman, pa bliye ranpli fòm resansman an nan lane 2020 epi ankouraje tout zanmi w, fanmi, ak vwazen w yo fè menm bagay la!

# KONKLIZYON

Sèl grenn bagay ki pi enpòtan yon moun kapab fè pou asire dirabilite kominote li an-rejyon nou an – se ranpli fòm resansman an. Soti nan lekòl yo, wout yo, lojman, rive nan reprezantasyon nan Kongrè a, Resansman an se aktivite ki separe Long Island ak Alaska nan resevwa fon ki nesèsè yo ak sipò gouvènman federal nou an.

Nou gen yon chwa nan Long Island—yo kapab swa konte nou oswa nou kapab konte sou lekòl ki gen twòp elèv, devan magazen ki vid sou Gran Ri nan kominote nou yo ak anpil rezidan Long Island ki pa an sante. Nou se premye banlye Etazini—e nou dwe asire n avni gran rejyon nou an pwoteje. New York voye plis lajan nan Washington DC pase nou jwenn anretou epi rezidan Long Island yo merite pati ekitab pa yo a nan dola y ap distribye yo. Nou dwe tou prezève vwa nou nan Washington DC pou nou asire n New York pa pèdi reprezantasyon akòz yon kontaj an mwens.

Konte Suffolk ak Nassau se katriyèm ak senkyèm konte ki pi difisil pou fè kontay nan Eta New York. Nou gen abitud fè kontaj an mwens men nou gen yon opòtinite pou n chanje sa jounen jodi a. Resansman 2020 an gen sèlman kèk kesyon ki senp e li defini potansyèl finansman pou dis (10) lane k ap vini yo! Nou bezwen pou vwa w anplifye nan kominote w la sou enpòtans Resansman an pou timoun ou yo, kominote w la ak avni ou! Pataje avèk fanmi ou, zanmi w yo ak tout moun ou rankontre kijan li enpòtan pou yo ranpli fòm Resansman 2020 an—Timoun Long Island yo konte sou ou.

Ak tout kè mwen,

**Jack Schnirman**

Kontwolè Konte Nassau



**Rebecca Sanin**

Prezidan ak Direktè Jeneral  
Konsèy Sante ak Byennèt Long  
Island



# REMÈSIMAN

## Biwo Kontwolè Konte Nassau a

**Jack Schnirman**

*Kontwolè*

**Kim Brandeau**

*Kontwolè Adjwen pou  
Administrasyon ak Operasyon*

**Jeffrey R. Schoen**

*Kontwolè Adjwen  
ak Konsèy An Chèf*

**Anthony N. Dalessio**

*Kontwolè Adjwen  
nan Kontabilite*

**Marv McMoore Jr.**

*Direktè Politik ak  
Inisvativ Estratejik*

**Erika Hill**

*Direktè Pwogram ak  
Patisipasyon nan Kominote a*

**Patrick Labossiere**

*Politik ak Estaj pou Rechèch*

## Konsèy Sante ak Byennèt Long Island

**Rebecca Sanin**

*Prezidan ak Direktè Jeneral*

**Lori Andrade**

*Direktè Operasyon yo*

**Mary Hallowell**

*Asistan Biwo ak  
Responsab Pwojè Espesyal*

**Gina Dorso**

*Kominikasyon ak  
Kowòdonatè Evènman*